

**TRADHISI TURUHAN PUSAKA ING DESA NGLIMAN
KECAMATAN SAWAHAN KABUPATEN NGANJUK
(Tintingan Folklor)**

Duni Renggo Asri

S-1 Jurusan Pendhidhikan Basa lan Sastra Dhaerah (Jawa), Fakultas Basa lan Seni, Universitas Negeri Surabaya
duniasri@mhs.unesa.ac.id

Yohan Susilo, S.Pd., M.Pd.

Dhosen Jurusan Pendhidhikan Basa lan Sastra Dhaerah (Jawa), Fakultas Basa lan Seni, Universitas Negeri Surabaya

ABSTRAK

Tradhisi kalebu warisan budaya saka para leluhur kang nganti saiki isih dilakokake lan nduweni legendha, makna, lan tujuwan sing beda-beda. Babagan iki kaya dene ing *Tradhisi Turuhan Pusaka* kang nganti saiki isih ditindakake dening warga desa Ngliman. Underan paliten iki yaiku: 1) Kepriye legendha makam Ki Ageng Ngaliman; 2) Kepriye tata laku tradhisi; 3) Makna ubarampe apa sing ana ing tradhisi turuhan pusaka; 4) Apa pigunane; 5) Kepriye owah-owahane TTP tumrap masyarakat.

Paedah panliten iki, yaiku: 1) Nambahi kawruh ngenani tradhisi utamane TTP; 2) Nglestarekake kabudayan Jawa saka warisan cikal bakal TTP; 3) Kanggo dhokumentasi, mligine tumrap masyarakat Desa Ngliman ing babagan kabudayan amrih tansah dijaga lan diuri-uri supaya bisa dimengerteni kabeh dhaerah saka sajabane Desa Ngliman; 4) Owah-owahan diandharake kanggo mangerteni pambada-pambada kang ana sajrone TTP yaiku pambada saka jaman biyen nganti jaman saiki.

Tradhisi Turuhan Pusaka iki bakal ditintangi nggunakake tintingan folklor. Amarga Tradhisi Turuhan Pusaka iki minangka folklor saperangan lisan kang ngrembug bab makna lan fungsi folklor kanggo masyarakat. Kanggo ndhudhah masalah sajrone panliten iki kudu nggunakake teori lan konsep kang cundhuk karo masalah. Kanggo ngandharake babagan makna nggunakake konsep makna simbolis yaiku teori semiotik Pierce. Owah-owahan nggunakake konsep Koentjaraningrat. Fungsi nggunakake teori saka William R. Bascom lan Alan Dundes. Panliten iki uga nggunakake ancangan kualitatif kanthi metodhe deskriptif. Metodhe lan teknik ngumpulake dhata ditindakake kanthi cara observasi, wawancara, lan dhokumentasi. Yen tata carane ngolah lan nganalisis dhata yaiku panliti ngumpulake dhata, milah-milih dhata, nglarifikasi dhata, banjur nganalisis dhata.

Legendha makam Ki Ageng Ngaliman ngasilake yaiku Tradhisi Turuhan Pusaka, tata laku tradhisi, ubarampe kang digunakake yaiku tumpeng, pitik panggang, urap-urap, gedhang raja, jajan pasar, ambengan, kembang setaman, menyan, maron, kain mori, lan obor. Sakabehing ubarampe nduweni makna tumrap masyarakat desa Ngliman. Tradhisi turuhan pusaka nduweni piguna yaiku system proyeksi, pengesahe kabudayan, sarana pendhidhikan lan alat pengendhali sosial. Owah-owahane tradhisi diperang dadi loro yaiku tata laku nindakake tradhisi lan ubarampe kang digunakake. Banjur faktor kang njalari owah yaiku anane unsur anyar kang mlebu sajrone tradhisi turuhan pusaka.

Tembung Wigati : Legendha Makam Ki Ageng Ngaliman, Tradhisi Turuhan Pusaka

PURWAKA

Landhesan Panliten

Aspek punggiler telis ing basa Jawa kalebu salah Saben masyarakat lan bangsa ing donya iki nduweni kabudayan, kabudayan minangka salah sawijine wujud tradhisi saka tinggalane leluhur sing isih dipercaya dening masyarakat Jawa khusus kabudayan Jawa. Kabudayan Jawa nduweni wujud lan warna-warna tradhisi kang beda-beda amarga saben dhaerah nduweni tradhisi sing tata lakune beda-beda gumantung saka dhaerahe dhewe-dhewe. Kabudayan asale saka basa sansekerta yaiku *buddhayah* yaiku wujud jamak saka tembung *buddhi* kang tegese budi utawa akal. Kanthi etimologis, tembung kabudayan yaiku bab kang sesambungan karo akal (Koentjaraningrat, 1984:9).

Salah sawijine kabudayan kang universal kasebut yaiku sistem religi lan upacara agama kang nduweni sesambungan karo kapitayan kang diugemi dening manungsa. Mligine masyarakat Jawa, kapitayan kasebut diarani mistik kejawen lan nglairake maneka warna tradhisi Jawa. Miturut Endraswara(2006:75) mistik kejawen utawa agama Jawa iku dilandhesi karo sikap lan solah bawa sing kalebu mistik, nanging punjere tetep marang Gusti. Tumrape masyarakat Jawa, bab kasebut wigati banget kudu kanthi nganakake tradhisi tartamtu.

Saben dhaerah mesthi nduweni cara kang beda-beda. Kayata ing Desa Ngliman Kecamatan Sawahan Kabupaten Nganjuk nduweni tradhisi Turuhan Pusaka sing saben sura mesthi dilakokake supaya oleh berkah lan tandure ora mati amarga kena wereng.

Underane Panliten

Saka lelandhesane panlitan kang diandharake ing ndhuwur, mula tinemu prekara kang kudu ditintangi yaiku :

- 1) Kepriye legendha makam Ki Ageng Ngaliman?
- 2) Kepriye tata laku TTP ing Desa Ngliman Kecamatan Sawahan Kabupaten Nganjuk?
- 3) Apa makna fungsi uba rampe sajrone TTP ing desa Ngliman kecamatan Sawahan kabupaten Nganjuk?
- 4) Apa pigunane TTP ing desa Ngliman kecamatan Sawahan kabupaten Nganjuk?
- 5) Kepriye owah-owahane TTP ing desa Ngliman kecamatan Sawahan kabupaten Nganjuk?

Ancase Panliten

- 1) Ngandharake legendha makam Ki Ageng Ngaliman
- 2) Ngandharake tata laku TTP
- 3) Ngandharake uba rampe lan maknane sajrone TTP
- 4) Ngandharake pigunane TTP

- 5) Ngandharake owah-owahane TTP kang dumadi ing desa Ngliman kecamatan Sawahan kabupaten Nganjuk.

Paedah Panliten

Paedah panliten yaiku piguna kang ditemukake sawise maca panliten iki. Asile panliten ngenani tradhisi Turuhan Pusaka ing desa Ngliman Kecamatan Sawahan Kabupaten Nganjuk nduweni paedah yaiku :

- 1) Nambahi kawruh ngenani Tradhisi utamane TTP ing Desa Ngliman Kecamatan Sawahan Kabupaten Nganjuk
- 2) Nambahi refrensi bab kabudayan Jawa tumrap piwulangan Basa Jawa
- 3) Menehi kawruh bebrayan ing Nganjuk yen ana tradhisi sing awam kanggo bebrayan yaiku Tradhisi Turuhan Pusaka

Minangka dokumentasi tradhisi, mligine tumrap warga Ngliman ing babagan kabudayan jawa supaya tansah dijaga luhur pambudidayane

TINTINGAN KAPUSTAKAN

Panliten kang Saemper

Sadurunge ngrembug panliten iki, panliti bakal menehi reng-rengan ngenani panliten-panliten saemper kang wus tau ditliti. Panliten kang saemper iki diandharake kanthi pangajab bisa minangka panyengkuyung lan pambandhing karo panliten kang bakal dilakoni. Panliten (1) Ari Mustopa (042114003), 2008, *Tradhisi Jamasan Pusaka Kanjeng Kyai Upas ing Kabupaten Tulungagung*, skripsi, Tulungagung. Tradhisi kasebut kalebu wujud ritual kang ditindakake saben taun ing kabupaten Tulungagung, Tata Rakiting jamasan pusaka kasebut kawiwitan kanthi kirab srana mulya, adicara njamasi, slametan, lan pungkasan adicara pagelaran ringit purwa kanthi irah-irahan tumurune wahyu utawa laire satriya pinilih. Tradhisi kasebut nduweni makna minangka wujud panyuwunan marang Gusti lumantar pusaka Kanjeng Kyai Upas supaya para warga diwenahi kaslametan lan tinebehake saka sakabehe kala. Saliyane iku, ritual iki minangka wujud pakurmatan marang Kanjeng Kyai Upas kang wis aweh pangayoman ing ngarsane Gusti kang akarya jagad.

Panliten (2) Erima Diana, 2010, *Tradhisi Jamasan Gong Kyai Pradah ing Desa Kalipang Kecamatan Sutojayan Kabupaten Blitar*, skripsi, Blitar. Tradhisi kasebut kalebu wujud ritual kang ditindakake dening masyarakat sakupenge setaun pisan nalika sasi Mulud. Tradhisi kasebut dilakokake amarga dipercaya dening masyarakat banyu sing sawise digunakake kanggo ngumbah gong kyai pradah mau bisa digunakake kanggo penyakit lan bisa ndadekake awet nom.

Konsep Kabudayan

Koentjaraningrat (1986:180) ngandharake tembung kabudayan asale saka Sansekerta budhayah, yaiku wujud jamak saka budhi kang ateges budi utawa akal. Dadi kabudayan bisa ditegesi bab-bab kang nduwe sesambungan karo akal. Konsep kabudayan yaiku minangka sistem gagasan, tumindak lan asil saka karya manungsa sajrone panguripan masyarakat. Danandjaja (1984:6) ngandharake yen kabudayan yaiku kasusun saka kawruh, kapitayan, kesenian, hukum, adat istiadat, patrap

sarta tumindak liyane kang pikantuk dening manungsa minangka anggota masyarakat. Manungsa iku urip ora adoh saka budaya, mula saka iku masyarakat Jawa mesthi nindakake apa wae kang dadi samesthine ditindakake. Kabudayan iku mesthi ana nilai-nilai, norma-norma kang ngatur sakabehing larangan lan petunjuk. Wong kang ora nglaksanakake kabudayan kang wis ana sajrone masyarakat sakupenge, dheweke bakal oleh hukuman sosial arupa diasingake saka warga uga entuk piwales arupa walesan ghaib. Miturut Bakker kaya kang dikutip dening Simon (2008:10) kabudayan minangka kagiyatan utawa proses kang nduweni asil, lan asil kasebut mesthi diwujudake maneh. Manungsa minangka salah sawijine paraga kang nyengkuyung kabudayan.

Masyarakat lan Kabudayan

Koentjaraningrat (2009: 118) ngandharake masyarakat yaiku sakumpulane tata uripe manungsa lan pasrawungan miturut sistem adat istiadat tartamtu kang sipate langgeng, kang kaiket karo rasa jati dhirine bebrayan. Dene Masyarakat bisa ditengeri saka patang tetenger, yaiku (1) interaksi antara warga-wargane, (2) adat istiadat, norma, hukum, lan aturan-aturan kang khas kang ngatur sakabehe tumindake wargane, (3) *kontinuitas* wektu, lan (4) rasa jati dhirine kang kuwat kang ngiket kabeh wargane. Tetenger kasebut minangka perangan saka kabudayan.

Herusatoto (2008:35) ngandharake ngenani wong-wong kang kanthi turun temurun nggunakake basa Jawa kanthi ragam dialek ing panguripan saben dina, lan manggon ing dhaerah Jawa. Saliyane kuwi, miturut Widayati (2006:2) uga ngandharake, sakumpulane wong Jawa kang padha nduweni interaksi. Titikane masyarakat jawa ana telu yaiku (1) kelompok masyarakat modern, (2) masyarakat madya, lan (3) masyarakat tradhisional.

Owah-owahane Kabudayan

Tata carane masyarakat kanggo nindakake kabudayan kasebut, maneka warna. Nanging, sakapik-apike kabudayan iku ora ana kang sipate *statis* utawa tetep. Kabudayan mujudake bab kang dinamis saengga ora bisa uwal saka owah-owahan. Owah-owahane kabudayan kuwi ora mesthi cepet, nanging ana kang suwe. Miturut Maran (2007: 50-52) owah-owahane kabudayan iku krana limang prekara, yaiku faktor kahanan utawa lingkungan alam, anane kontak karo masyarakat kang nduweni norma, nilai, lan teknologi kang beda, penemuan lan riptan kang anyar, masyarakat ngadhopsi utawa njupuk kabudayan liya lan bangsa nganakake *modhifikasi* kanthi ngadhopsi kawruh lan kapitayan kang anyar. Sukarman (2006:38) uga ngandharake yen owah-owahane kabudayan bisa amarga *faktor* saka njaba uga bisa *faktor* saka njero. *Faktor* saka njero kayata *discovery* lan *invention*, dene faktor saka njaba yaiku bisa saka proses *difusi*, *akulturasi*, lan *asimilasi*.

Konsep Folklor

Folklor yaiku sekelompok wong kang nduweni ciri-ciri fisik, sosial lan kabudayan, saengga bisa dibedakake dadi klompok-klompok liyane. Kang nomer loro minangka tradhisi saka folk, yaiku saperangan kabudayan kang diwarisake kanthi cara tuladha kang

dijangkepi gerak isyarat (Dananjaja, 1984:2). Selaras karo andharan kasebut, miturut Danandjaja (2002:1-2) ngandharake folklor yaiku minangka saperangan kabudayan *kolektif* kang sumebar lan diwarisake kanthi turun-temurun. Folklor sumebar bisakanthi cara tradhisional yaiku kanthi nggunakake cara kang beda, uga bisa menepi tuladha nggunakake isyarat utawa uga bisa nggunakake alat bantu. Folklor kalebu perangan saka kabudayan kang asipat tradhisional kang ora resmi. Folklore isine ngenani kawruh, nilai-nilai, sikap-sikap, rasa rumangsa lan kapercayan sajrone wujud tradhisional kang digethok tularake lumantar lisan utawa adat istiadat.

Bascom kang dikutip dening Danandjaja (1984:19) pigunane folklore kanggo masyarakat panyengkuyunge bisa diperang dadi papat yaiku : (1) minangka system *proyeksi*, yaiku minangka sarana piranti-piranti kang dadi kaca benggalaning angen-angen sawijine *kolektif*, (2) piranti pengesahan pranata-pranata lan lembaga kabudayan, (3) kanggo sarana pendhidhikan, (4) pameksa lan ngawasi supaya norma-norma masyarakat bisa diugemi dening masyarakat *kolektif*.

Konsep Tradhisi

Tradhisi yaiku adat kabiasaan kanthi turun temurun saka para leluhure kang isih ditindakake dening masyarakat (Moeliono, 1990: 959). Tradhisi uga ditegesi pambiji lan anggepan menawa cara-cara kang wis ana minangka cara kang paling apik lan pener. Koentjaraningrat (1987: 20) uga njlentrehake yen tradhisi utawa adat Jawa iku kaperang dadi patang tingkatan, yaiku : Tingkat nilai budaya, tingkat norma-norma, tingkat hukum, tingkat aturan kang mligi utawa asli. Miturut Suwarni dkk (2015: 60) adat istiadat Jawa tuwuh lan ngrembaka wiwit jaman kuna. Wiwitane tuwuh lan ngrembaka ing lingkungan istana. Adat istiadat kasebut ngemot sistem tata nilai, norma, pandangan lan aturan panguripan bebrayan, kang nganti saiki isih dikembangake minangka kearifan lokal. Sajrone Suwarni dkk (2015: 61) tradhisi minangka perangan saka kabudayan. Tradhisi minangka sakabehe adat, kapitayan, lan liya-liyane kang diwarisake kanthi cara turun temurun.

Makna Simbolis

Simbol asale saka tembung *symbolicium* kang tegese weneh tuladha sajrone negesi prakara tartamtu. Sakliyane iku simbol mujudake objek utawa prastawa apa wae kang nggambarake kekarepan tartamtu (Sudikan, 2001:108). Herusatoto (1984:98) ngandharake ngenani tindakan simbolis wong jawa antarane, yaiku (1) tumindak simbolis ing sajrone religi, (2) tumindak simbolis sajrone upacara, (3) tumindak simbolis sajrone seni. Sakliyane iku Poerwadarminto (1976:47) ngandharake yen simbol iku awujud pralambang kang ateges samubarang utawa nduweni teges kang beda.

Ilmu kang nyinaoni ngenani simbol iku diarani semiotik. Pangerten semiotic miturut Luxemburg (1992:44) ngandharake semiotic minangka ilmu kang ngandharake babagan simbol lan pratandha. Tembung semiotic asale saka basa Yunani yaiku *semion* (pratandha) kang tegese ilmu kang nyinaoni system pratandha lan pralambang, system lambang lan nyinaoni proses pralambang (Luxemburg, 1992:44). Pierce (sajrone Luxemburg, 1992:46) ngandharake yen faktor-faktor kang

nemtokake anane tandha, yaiku (1) tandha kuwi dhewe, (2) bab kang ditandhani, lan (3) sawijine tandha anyar kang dumadi ing batine panampa. Saliyane nyinaoni ngenani tandha, semiotic uga nyinaoni ngenani tandha, pralambang utawa simbol.

Konsep Fungsi

Fungsi folklor miturut konsep Bascom kang dikutip dening Dananjaja (1984:19) njlentrehake fungsi folklor ana papat yaiku (1) kanggo system proyeksi, yaiku minangka piranti pamawas angen-angen sawijine kolektif, (2) proyeksi pengesahan pranata-pranata lan lembaga kabudayan, (3) kanggo sarana pendhidhikan, (4) pameksa lan ngawasi supaya norma-norma masyarakat bisa diugemi kanthi *kolektif*. Malinowski (sajrone Hutomo, 1991:19) ngandharake yen fungsi minangka unsur-unsur kabudayan yaiku wujud minangka sarana kanggo nyukupi kabutuhan nalurine manungsa. Kabutuhan manungsa ing alam donya iku wujud maneka warna. Salah sawijine yaiku kabudayan minangka panggulawenthah tumrap bebrayan mudha-mudhi ing jaman saiki sing wis ora dikenal dening bebrayan mudha-mudhi. Babagan kaya mangkono digunakake kanggo panyengkuyung tumrap mudha-mudhi supaya tradhisi bisa luwih ngrembaka nganti mbesuk lan bisa isih lestari.

Lelandhesan Analisis

Lelandhesan analisis yaiku saperangan teori kang digunakake kanggo nintingi bab sajrone obyek panliten kang arupa wujud, makna, piguna lan owah-owahane kabudayan. Lelandhesan analisis digunakake supaya andharan sajrone panliten tansah lumaku adhedhasar konsep kang wis tumata. Mula saka iku, landhesan analisis uga wigati tumrap panliten TTP ing Desa Ngliman, Kecamatan Sawahan, Kabupaten Nganjuk.

Teori folklor kang digunakake kanggo tintingan ing sajrone panliten iki yaiku miturut Danandjaja (1984:1-2) ngandharake folklore setengah lisan kang nduweni teges yaiku folklor kang wujud campuran antarane unsur folklor lisan karo folklor dudu lisan. Kayadene kapercayan, tarian rakyat, upacara, pesta rakyat lan hiburan rakyat. TTP iki kalebu ing folklor setengah lisan kang wujud tradhisi utawa pesta rakyat. Tradhisi sajrone legendha MKAN iki nduweni pangaribawa kang gedhe tumrap masyarakat sing ana ing sakupenge. Jalaran masyarakat ing Desa Ngliman Kecamatan Sawahan Kabupaten Nganjuk percaya banget tumrap legendha MKAN lan TTP sing nganti saiki saben taun isih nglakoni tradhisi kasebut.

METHODHE PANLITEN

Ing ancangan panliten iki diandharake ngenani methodhe apa kang bakal digunakake sajrone panliten lan alesane methodhe panliten kasebut digunakake dening panliti. Panliten iki nggunakake panliten kualitatif. Methodhe kualitatif kapilih jalaran masalah sajrone panliten asipat holistik, kompleks, dinamis utawa owah lan nduweni makna. Saengga ora mungkin yen dhata ing kahanan kasebut diteliti nganggo methodhe kuantitatif.

Bodgan lan Taylor sajrone Moleong (2009:4) ngandharake panliten *kualitatif* yaiku minangka prosedur panliten kang ngasilake dhata *deskripsi* kang arupa

tembung – tembung kang ditulis lisan lan solah bawa kang dijlimeti. Denzin lan Linclon (sajrone Moleong, 2002:3) ngandharake yen panliten kualitatif yaiku panliten kang nggunakake *latar alamia*, kanthi maksud kanggo nafsirake prastawa kang dumadi lan dilakoni kanthi cara nggunakake metodhe kang ana.

Papan Panliten

Miturut Endraswara (2010:114) ngandharake yen papan panliten minangka sawijine tumindak kang wigati sajrone pangumpulan dhata. Papan panliten iki minangka papan sing digunakake dening panliti anggane nggolek dhata. Objek kang bakal diteliti ing kene yaiku TTP ing desa Ngliman. tradhisi iki isih ditindakake dening masyarakat desa Ngliman Kecamatan Sawahan Kabupaten Nganjuk amarga minangka tradhisi turun temurun saka leluhur kang isih ngrembaka nganti saiki.

Papan panliten ngenani legendha makam Ki Ageng Ngliman lan TTP iki ana ing Desa Ngliman Kecamatan Sawahan Kabupaten Nganjuk. Panliti njupuk Desa Ngliman minangka papan kanggo panliten amarga ing desa Ngliman masyarakate isih percaya anane nglaksanakake tradhisi uga isih percaya marang kakuwatan magis sajrone TTP kasebut, panliti uga bisa kapan wae mara menyang desa Ngliman kanggo nggoleki dhata jalaran masyarakate isih padha nyengkuyung ngenani legenda makam Ki Ageng Ngaliman lan TTP, lan TTP uga isih asring dilakokake dening masyarakat saben setaun pisan wayah sasi Sura.

Sumber Data lan Data Panliten

Sumber dhata lan dhata panliten iki kalebu bab kang wigati kang digunakake kanggo nindakake panliten. Lumantar sumber dhata bisa antuk informasi kang dibutuhake kanggo panliten. Sumber dhata lan dhata sajrone panliten iki bakal diandharake ing ngisor :

Sumber Dhata Panliten

Sumber dhata sajrone panliten yaiku minangka perangan saka panliten kang wigati jalaran anane sumber dhata lan dhata panliten ndadekake bisa dibuktekake kanthi nyata. Miturut Moleong (2009:157) ngandharake yen sumber dhata kang utama sajrone panliten kualitatif yaiku tembung-tembung utawa tata laku, saluwih yaiku minangka dhata tambahan kaya dene dokumen lan sapanunggalane.

Sumber dhata kang utama ing panliten iki ana loro yaiku sumber dhata pokok lan sumber dhata tambahan. Sumber dhata kang pokok yaiku informan dene sumber dhata tambahan yaiku ubarampe kang dipoto lan dhokumen liyane. Sumber dhata kang utama sajrone legendha Makam Ki Ageng Ngaliman lan TTP yaiku tata lakune TTP lan nalika mboyong Pusaka. Saliyane kuwi arupa dhokumentasi nalika TTP dianakake lan Foto makam Ki Ageng Ngaliman. Sugiyono (2011:8) ngandharake menawa dhata ing panliten deskriptif kualitatif awujud dhokumen pribadhi, cathetan lapangan, pocapan lan tindak tanduk respondhen, dhokumen, lsp. Dhata liya kajupuk saka asile wawancara marang Juru Kunci lan sesepuh desa Ngliman.

Dhata

Dhata yaiku katrangan utawa bahan nyata sing didadekake dhasar sajrone kajian (Moeliono, 1989:187).

Dhata minangka perangan saka panliten. Dhata sing digunakake ing legendha Makam Ki Ageng Ngliman lan TTP yaiku arupa tetembungan, utawa ukara saka rerangkene asil saka wawancara karo informan. Dhata tulisan yaiku arupa pethikan-pethikan katrangan saka para ahli kang tinulis ing buku. Dene dhata kang awujud barang yaiku arupa gambar saka asiling dhokumentasine tata laku lan ubarampe legendha MKAN lan TTP.

Miturut Sudikan (2001:91) ngandharake kanggo nemtokake sawijine pawongan kang bisa didadekake informan iku merlokake persyaratan yaiku (1) nduweni pengalaman pribadhi kang cocog karo masalah kang diteliti, (2) dewasa, (3) sehat jasmani lan rohani, (4) asipat netral, ora nduweni kepentingan pribadhi, (5) minangka tokoh masyarakat, (6) nduweni pamawas kang jembar ngenani kedadeyan kang ana ing sajrone panliten. Saka andharan kasebut bisa didudut yen informan minangka kunci utawa pokok yaiku wong kang bisa menehi informan utama (Wigati), wondene informan panyengkuyung yaiku wong kang menehi informasi kanggo njangkepi katrangan kang wis diwenehake dening informan pokok.

Dhata primer sajrone TTP dijupuk saka TTP kang awujud ukara, tetembungan, sarta wacana saka crita legendha MKAN lan TTP. Dhata sekunder dijupuk saka masyarakat panyengkuyung folklor sing ana ing sakupenge desa Ngliman, dhatane arupa ukara utawa wacana kanthi sarana wawancara. Panliten TTP, kanthi tintingan Folklor informane yaiku (1) Juru kunci makam gedhong kulon, (2) Juru kunci makam gedhong wetan, (3) carik kang melu dadi panitia ing adicara TTP, lan (4) Ketua organisasi adat istiadat desa Ngliman.

Instrument Panliten

Miturut Arikunto (2010:203) instrument panliten yaiku minangka piranti utawa fasilitas kang digunakake dening panliti sajrone ngumpulake dhata supaya anggane nlti kasebut luwih gampang lan luwih apik, tliti, jangkep, lan tumata kanthi apik, saengga nggampangake anggane ngolah dhata-dhata kang wis diolehake. Ing panliten iki, panliti minangka pihak sepisan kang dadi instrumen utama amarga panliti nindhakake utawa *pelaku* saka awal nganti akhir panliten, kang diwujudake ing laporan panliten. Panliten legendha MKAN lan TTP ing Desa Ngliman minangka panliten lapangan kang nggunakake piranti-piranti panliten kang lumrahe kanggo nggolek dhata yaiku:

1. Alat Rekam utawa alat-alat recording (*tape Recorder*) kanggo ngrekam nalika nindakake panliten
2. *Handphone* kanggo njupuk photo nalika nganakake panliten
3. Pulpen lan buku digunakake kanggo nulis bab-bab kang wigati nalika nindakake panliten
4. Daftar pitakonan sing ditujokake dening informan.
5. Laptop digunakake kanggo nggarap skripsi
6. Printer digunakake kanggo nyetak skripsi
7. Buku ngenani folklor digunakake kanggo referensi anggane nggarap skripsi

Tata Cara Ngumpulake Dhata

Panliten legenda MKAN lan TTP asring nggunakake tata cara ngumpulake dhata, jalaran panliten iki minangka panliten lapangan. Tata cara pangumpulan

dhata minangka tahap kang paling wigati sajrone panliten, amarga tujuwan sing utama yaiku ngolehake dhata. Tata cara ngumpulake dhata ana 3 cara, yaiku :

Observasi

Babagan observasi minangka bab kang kudu ana sajrone panliten. Amarga miturut Arikunto (2010:265) observasi minangka usaha kanthi sadhar kanggo ngumpulake dhata kang ditindakake kanthi cara sistematis. Dene miturut prosese Sugiyono (2011:145) ana 2 jinise teknik observasi yaiku observasi *partisipatif* lan observasi *non partisipatif*. Suparlan kang dikutip dening Sudikan (2001:87) njlentrehake babagan apa wae kang kudu digatekake nalika pengamatan yaiku ruang lan wektu, paraga, kagiyatan, piranti, prastawa, tujuwan lan pangrasa.

Danandjaya (1986) ngandharake yen nalika observasi ora mung nyawang lan ngamati kahanan kang ana sajrone panliten, nanging kudu bisa oleh ilmu utawa pengalaman. Moleong (2012:175) ngandharake paedah observasi utawa pengamatan, yaiku pengamatan bisa optimal kanthi nduweni kemampuan panulis saka segi motif, kapercayan, lan kawigaten.

Sajrone panliten legenda MKAN lan TTP ing Desa Ngliman, panliti nggunakake rong teknik panliten mau, observasi sajrone panliten iki nggunakake tata cara, yaiku :

- 1) Nekani kantor Balai Desa Ngliman supaya oleh ijin nganakake panliten ing panggonan sing dikarepake.
- 2) Panliti banjur nggolek informan ngenani masalah sing arep diteliti, banjur nemtokake panggonan sing digunakake kanggo observasi.
- 3) Nalika observasi, panliti nyathet sawernane kedadeyan kang ana ing lapangan kanthi wujud tulisan ana ing kertas.
- 4) Panliti njupuk dokumentasi kang ana gegayutane karo masalah sing diteliti.

Wawancara

Miturut Lincoln lan Guba (Sajrone Moleong, 2011: 186) wawancara yaiku pacelathon kanthi maksud tartamtu. Pacelathon mau ditindakake dening rong pihak, yaiku *pewawancara* kang ngajokake pitakonan lan *terwawancara* kang menahi jawaban ngenani pitakonan kasebut. Koentjaraningrat (sajrone Sudikan 2001: 90) merang wawancara dadi rong golongan yaiku wawancara terencana lan ora terencana. Bedane ana ing prelu orane panliti nyusun dhaptar pitakonan kang digunakake minangka pedoman kanggo nindakake wawancara karo informan. Dene Lincoln lan Guba (sajrone Moleong, 2011: 188) uga merang wawancara dadi papat, yaiku wawancara dening tim utawa panel yaiku ana luwih saka siji utawa loro wong kang menahi pitakonan biasane nganggo tim, wawancara katutup lan wawancara tinarbuka, wawancara riwayat kanthi cara lisan, lan wawancara terstruktur lan ora terstruktur.

Dhokumentasi

Guba lan Linclon (Sajrone Moleong 2009:216) ngandharake yen dhokumen yaiku saben bahan kang tinulis utawa film. Dhokumentasi miturut (Sarwono, 2006:225) yaiku sarana pambiyantu kanggo panliti kanthi cara maca surat-surat pengumuman, *iktisar* rapat, pernyataan kang katulis lan bahan-bahan tulisan liyane. Dhokumentasi nduweni piguna banget amarga bisa dianakake tanpa ngganggu objek utawa swasana panliten.

Miturut Arikunto metodhe dhokumentasi yaiku sarana kanggo golek dhata lan nggolek gambar, dhokumen, video, lan sapanunggal. Ana panliten iki teknik dhokumentasi ditindakake kanggo golek dhata arupa dhokumen yaiku ngenani profil desa saka perangkat desa lan foto-foto makam Ki Ageng Ngaliman, nalika nindakake TTP lan wawancara.

Teknik dhokumentasi katindakake kanthi nekani papan panggonan adicara sing bakal diteliti, maksude panliti ngumpulake dhokumen-dhokumen ing papan adicara yaiku njupuk gambar utawa foto sing tujuwane bisa nggampangake panliti kanggo ngandharake dhata. Tahap dhokumentasi bisa dianakake bisa kanggo nguwatake data asile wawancara lan observasi. Dhokumen-dhokumen kang isine dhata-dhata dibutuhake yaiku buku-buku kang relevan, sarta foto-foto utawa gambar ngenani makam Ki Ageng Ngaliman lan TTP ing Desa Ngliman Kecamatan Sawahan Kabupaten Nganjuk. Dhata kang awujud foto-foto bisa nampilake sakabehing dhata kang jangkep lan dadi panyethane gambar ing panliten.

Tata Cara Analisis Dhata

Tata cara nganalisis dhata sajrone metode panliten kualitatif miturut Seiddel (sajrone Moleong, 2011:248) yaiku nyathet lan ngasilake cathetan lapangan, kanthi mangkono diwenehi tandha supaya sumber dhata isih bisa diweruhi asale, ngumpulake, milah-milah, nggolongake, menditedidkan, nggawe ikhtisar, lan nggawe indekse, olah pamikir kanthi cara dhata kasebut nduweni makna, nggoleki lan nemokake pola lan sesambungane, sarta nggawe panemu-panemu kang asipat umum.

Panliten iki nggunakake analisis dhata kaya kang diandharake dening Sudikan (2001:80) yaiku (1) *open Coding*, tegese panliti kudu golek variasi dhata seakehe-akehe kang salaras karo panliten kang dilakoni (2) *axial coding*, tegesi ngurutake dhata saka open coding mau miturut panggolongane, (3) *Seletife coding*, tegese panliti nggolongake proses pameriksaajn kategori inti kang ono gegayutane karo liyane supaya mujudake dudutan.

Adhedhasar andharan kasebut, tahapan-tahapan kanggo nganalisis dhata sajrone panliten legenda MKAN lan TTP yaiku :

- 1) Panliti ngumpulake dhata kang wis ana, yaiku panliti ngumpulake dhata-dhata arupa asile observasi, kayata rekaman wawancara karo informan-informan, cathethan nalikane nindakake wawancara, dhokumen-dhokumen profil desa, makam Ki Ageng Ngaliman lan foto nalika puncak TTP
- 2) Panliti milah lan milih dhata yaiku panliti merang-merangake dhata-dhata kang wis diolehake. Dhata endi sing kalebu legenda makam Ki Ageng Ngaliman, wujud, makna, lan pigunane sarta owah-owahane TTP
- 3) Panliti kudu bisa nglasifikasi dhata, yaiku kanggo milah lan milih dhata adhedhasar masalah-masalah kang ana ing underaning panliten, yaiku legenda makam Ki Ageng Ngaliman, wujud, makna, piguna lan owah-owahane TTP

Sawise telung tahap mau, panliti banjur nganalisis dhatane, yaiku sawise dhata diklarifikasi, dhata dipisahake

miturut masalah sing arep diteliti, banjur dhata wis cepak dianalisis nganti dadi draf laporan.

ANDHARAN ASILING PANLITEN

4.1 Gegambaran Desa Ngliman

4.1.1 Legendha Makam Ki Ageng Ngaliman lan Asal-usul Desa Ngliman

Saben dhaerah kuwi mesthi nduweni sejarah sing isih dijaga lan dipercaya dening masyarakat. Nalika jaman semana desa Ngliman iki isih arupa alas sing durung ana panguripan lan manggon ana ing pucuke gunung wilis. Legendha MKAN iki dipercayai dening masyarakat jalaran miturute sesepuh desa Ngliman lan Juru Kunci MKAN, Ki Ageng Ngaliman minangka pawongan kang babad desa Ngliman nalika taun 1800-an. Katrangan kasebut dikuwatake karo wawan rembug ing ngisor iki :

“nalika jaman walanda kinten-kinten taun 1800-an mbak, Ki Ageng Ngaliman menika sesingitan ing desa Ngliman menika. Nanging desa Ngliman menika tasih arupi alas mbak. Nalika panjenenganipun manggon ing desa Ngliman panjenengane ngedekake sawijine padepokan lan nduweni anak buah menawi jaman rumiyen menika namine santri mbak. Lha ten mriki sing babad desa Ngliman menika wonten kalih mbak namine sedaya Ki Ageng Ngaliman. Amargi nalika jaman rumiyen Ki Ageng Ngaliman ora gelem nduduhake jeneng asline nganti panjenengane seda.” (Wawanrembug kaliyan Juru Kunci MKAN Kulon lan Wetan – Bapak Khosim lan Bapak Mukirin, 3 Mei 2018)

Pethilan kasebut nuduhake yen nalika jaman walanda kira-kira taun 1800-an ana pawongan kang lagi sesingitan ing alas sing manggon ing pucuke gunung Wilis yaiku jenenge Ki Ageng Ngaliman banjur dicekak KAN. KAN mara ing alas kasebut jalaran dheweke nduweni ancas kanggo sesingitan ing alas kasebut. Amarga nalika kuwi dheweke diserang dening walanda lan wektu kuwi uga isih njabat minangka senopati ing Surakarta. Dheweke milih desa Ngliman utawa Nganjuk minangka kanggo sesingitan jalaran miturute Nganjuk minangka wilayah kasultanan Mataram. Mula KAN banjur babad alas lan menehi jeneng desane Ngliman jalaran dipadhakne karo jenenge KAN.

Saka pethilan ing ndhuwur ngandharake yen desa Ngliman iki diperang dadi 4 dhusun. Diperang dadi 4 dhusun jalaran nalika jaman mbiyen KAN ngedegake padhepokan ana 4 sokabat sing manut marang KAN, mula KAN mbagi 4 sokabat mau manggon ana ing 4 panggonan. 4 sokabat mau yaiku ana Ki Mbah Putih sing manggon ana ing dhusun Bruno, Ki Bago Pati manggon ing dhusun Gimbal, Ki Butuh manggon ana ing dhusun kemukus lan sing pungkasan Raya gedhong manggon ing dhusun Gilis. Mula saka kuwi nganti saiki ing desa Ngliman ana 4 dhusun yaiku dhusun Bruno, Gimbal, Kemukus, lan Gilis. Padhepokan mau nganti saiki isih ana. Nanging bangunane uga wis ora kaya jaman mbiyen maneh. Akeh bangunan sing wis rusak amarga wis jarang ditekani dening masyarakat. Padhepokan mau jarang

ditekani dening masyarakat jalaran panggonane sing ana ing ndhuwur gunung mulane masyarakat padha awang-awangan yen arep mrana. Apa maneh saiki uga wis akeh papan wisata sing manggon ing desa Ngliman sing ndadekake masyarakat luwih seneng mara ing papan wisata tinimbang ing padhepokan-padhepokan mau.

MKAN uga ana loro, yaiku sijine diarani Makam kulon lan Wetan. Katrangan kasebut dikuwatake karo pethilan ing ngisor iki :

“Lha makam Ki Ageng Ngaliman iki uga wonten kalih mbak setunggale diarani Makam kilen kaliyan wetan. Menawi makam wetan jenenge Wali Ageng Ngaliman dene sing makam Kilan jenenge Ki Ageng Ngaliman. Makam wetan menika mboten wonten wewaleripun kangge peziarah ingkang badhe mlebet namung menawi wulan pasa tutup, dene ingkang makam kilen wonten wewaleripun mbak, menawi peziarah wadon mboten pareng mlebet lan mboten dikeparengake mbeta sekar mawar jalaran ingkang wonten makam kilen menika panjenenganipun mboten krama mbak.” (Wawanrembug kaliyan juru kunci MKAN wetan – Bapak Mukirin, 3 Mei 2018)

Saka andharan kasebut nuduhake yen MKAN ing desa Ngliman iku ana loro, lha ing makam sisih wetan dijuluki Wali Ageng Ngaliman nanging yen ing sisih kulon Ki Ageng Ngaliman. MKAN sing ana ing sisih kulon manggon ana ing sak ndhuwure bale desa Ngliman kira-kira jarake 200 meter saka bale desa dene sing makam wetan manggon ing sawetane bale desa Ngliman kira-kira 300 meter saka bale desa Ngliman. Pambedane MKAN wetan kaliyan kulon saliyané pawongane yaiku yen ing makam kulon ana wewalere utawa larangane. Dene makan wetan ora ana wewalere. Wewalere makam kulon yaiku kanggo peziarah wadon ora oleh mlebu neng njerone makam lan ora oleh nggawa kembang mawar, jalaran KAN nalika isih timur panjenengane ora krama. Mulane sing oleh mlebu ing makam mung kanggo peziarah lanang wae. Menawa sing wadon mung oleh lungguh ing njabane makam. Kanggo mlebu ing njerone makam uga kudu lapor dhisik marang juru kuncine. Ora sembarangan pawongan bisa mlebu makam. Yen karo juru kunci ora oleh mlebu makam ya mung bisa lungguh ing njabane makam utawa papan sing wis disediakake dening juru kunci.

Makam sing manggon sisih wetan ora ana wewalere utawa larangane kanggo peziarah, kabeh peziarah oleh mlebu kajaba wong wadon kang lagi *udzur*. Nanging mung yen wulan pasa makam KAN sing sisih wetan ditutup lan dibuka maneh sawise riyaya fitri. Senadyan ing makam sisih wetan ora ana wewalere, nanging makam sisih wetan uga ngandhut mistik. Miturut juru kunci, ora ana masyarakat sing wani ngganti nisane para santrine KAN sing saka kayu. Amarga nate ana pawongan sing arep ngganti nisan sing saka kayu mau nggunakake saka semen lan wedhi jebule malah ditimballi dening Gusti luwih dhisik. Saka kedadeyan kuwi, masyarakat ora ana sing wani maneh ngganti nisan kasebut senadyan wis rusak.

4.1.2 Kahanan Alam Desa Ngliman

Desa Ngliman yaiku minangka salah sawijine desa kang manggon ana ing pucuk gunung wilis lan panggonane sisih paling kidul ing kabupaten Nganjuk. Jarak antarane desa Ngliman karo kecamatan Sawahan kira-kira 5 km, dene jarak desa Ngliman karo kabupaten Nganjuk kira-kira 20 km.

Desa Ngliman iki desa sing paling sisih kidul lan ndhuwur. Dene ing desa ngliman iki ana 4 dhusun. Wewatesane sisih etan dhusun Ngliman, Sisih lore desa Ngliman ana dhusun Bruno, dene sisih kulone dhusun Bruno ana dhusun Kemukus, sing paling lor lan wewatesan karo desa Sawahan ana dhusun Gimbal. Desa Ngliman kaperang saka 34 RT lan 7 RW kanthi jumlah pendhudhuke ana 3851 jiwa.

Desa ngliman jembare 285 km² lan kagolong panggonan dataran tinggi utawa pegunungan, mula ing desa Ngliman iki mayoritas lemah sawah, dadi pendhudhuke uga mayoritas petani lan buruh tani. Desa ngliman iki uga akeh panggonan kanggo wisata kayata Grojogan Sedudo, Singokromo, lan Watu Lawang, lan liya-liyane isih akeh wisata sing ana ing desa Ngliman.

4.1.3 Gegambaran Bebrayan ing Desa Ngliman Kecamatan Sawahan Kabupaten Nganjuk

Sajrone panliten ngenani kabudayan mligine panliten folklor kaya mangkene iki dhata-dhata *etnografi* wigati banget. Dhata *etnografi* bisa menehi gegambaran ngenani kahanane warga kang ana ing salah sawijine desa kasebut, kaya dene struktur pamarentahan, apa wae pakaryane warga, kepriye tingkat pendhidhikane, kepriye agama utawa kapercayan sing dianut lan sapanunggalane. Gegambaran iku mau bisa digunakake kanggo nggambarake kepriye anane gegayutan antarane masyarakat desa Ngliman karo folklore saperangan lisan ngenani legendha MKAN tumrap TTP.

Dideleng saka tingkat pendhidhikan uga kawruh sing dhuwur manungsa bisa diajani lan nduweni pamikiran kang dhuwur ing sajrone bebrayan, ananging yen tingkat kawruhe cethek manungsa kurang diajani lan ora oleh pakurmatan saka warga liyane. Masyarakat ing desa Ngliman akeh banget kang isih percaya marang anane legendha MKAN lan akeh uga akeh isih nindakake TTP kang minangka dadi punjere carita dumadine desa Ngliman.

Ngrembug babagan kahanan desa lan warga masyarakat desa Ngliman, bisa dingerteni anane dhata *monografi*. Saka dhata *monografi* kasebut gegambaran ngenani kahanan desa lan warga masyarakat Ngliman bisa diandharake kaya dene (1) struktur pamarentahan desa, (2) kahanan warga desa, (3) pangupajiwa, (4) pendhidhikan, (5) agama kang dianut lan (6) gegayutan kahanan desa karo legendha MKAN lan TTP.

4.1.3.1 Struktur Pamarentahan

Struktur pamarentah desa minangka punjering pamarentahan kang ngatur sawenehing bab kang ana ing desa Ngliman saengga dadi punjere masyarakat. Struktur pamarentah desa kasebut kasusun adhedhasar jejibahan minangka utusane pamarentah sadhuwure. Saben organisasi nduweni tugas dhewe-dhewe kanggo nglayani masyarakat ing desa Ngliman.

Rukun tetangga (RT) minangka perangan saka satuwan wilayah kang paling endhek sajrone pamarentahan desa Ngliman. RT nduweni fungsi kang

wigati kanggo nglayani masyarakat kang ana ing wilayah kasebut. Kumpulaning RT bisa ndadekake RW (rukun warga) kang tatarane luwih dhuwur maneh.

Minangka sawijining desa, struktur pamarentahan desa Ngliman ora bisa uwal saka struktur *administratif* pamarentahan ing tingkat sadhuwure. Susunan organisasi lan tata karya pamarentahan desa Ngliman kaperang saka Kepala Desa, Carik/Sekretaris, Kasi Pamarentahan, Kasi Kesejahteraan, sarta Kasi Pelayanan Umum.

4.1.3.2 Kahanan Warga Desa Ngliman

Cacahe warga kang ana ing desa Ngliman Kecamatan Sawahan Kabupaten Nganjuk propinsi Jawa Timur yaiku ana 3851 jiwa, kaperang saka cacache wong lanang 1957 jiwa lan cacache wong wadon ana 1898 jiwa. Cacache KK (jumlah warga sing wis kaluwarga) ana 1275 KK, jumlah KKP (kepala kaluwarga *perempuan/wadon*) ana 27 KK, dene KKM (kepala kaluwarga *Miskin*) ana 667 KK. Sakabehe warga desa Ngliman rata-rata asli Warga Negara Indonesia (WNI). Salitane kuwi etnis kang ana utawa kasebar ing desa Ngliman rata-rata yaiku etnis Jawa kang kaperang saka wong lanang ana 1957 jiwa lan wadon ana 1898 jiwa.

Tabel 2.

Warga Desa Ngliman dideleng saka umure

| No | Umur (taun) | Cacahe Wong | | Jumlah |
|---------------|--------------|-------------|-------|--------|
| | | Lanang | Wadon | |
| 1 | < 1 taun | 135 | 229 | 364 |
| 2 | 1 – 4 taun | 137 | 152 | 289 |
| 3 | 5 – 14 taun | 445 | 412 | 857 |
| 4 | 15 – 39 taun | 499 | 468 | 967 |
| 5 | 40 – 64 taun | 513 | 404 | 917 |
| 6 | 65 mendhuwur | 228 | 229 | 457 |
| Jumlah | | 1957 | 1894 | 3851 |

(Sumber: Data Monografi Desa Ngliman April 2018)

Miturut table ing ndhuwur, bisa dideleng yen warga *produktif* ing desa Ngliman udakara umur 15-39 taun ana 968 wong sing bisa nyambut gawe kanthi maksimal. Dideleng saka akehe jumlah warga kang luwih saka saperangan usia *produktif*, desa Ngliman bisa dianggep desa kang makmur lan sejahtera amarga anane pamikiran saka masyarakat ing umur semono akeh-akehe wis ngupaya pakarya kanthi maksimal. Saliyane iku, masyarakat desa Ngliman kang pindhah lan tilar donya uga bisa ngurangi cacache warga. Semono uga cacache kelairan lan warga sing teka menyang desa Ngliman uga bisa nambahi cacache warga.

4.1.3.3 Pangupajiwa Warga Desa Ngliman

Masyarakat desa Ngliman umume nduweni pakaryan paling akeh yaiku minangka petani lan buruh tani. Saliyane iku uga ana kang dadi PNS, *pegawai swasta*, lan *wiraswasta* utawa *pedagang*. Adhedhasar data *monografi* desa cinathet ana 274 wong minangka petani, 1372 wong minangka buruh tani, 30 wong minangka PNS, 349 wong minangka *pegawai swasta*, lan 435 wong minangka *wiraswasta / pedagang*. Dene warga kang nyandhang kabutuhan khusus ana 3 wong. Mula saka kuwi masyarakat desa Ngliman mayoritas sing nduweni pakaryan tetep ana 2460 wong, dene sing pengangguran ana 1391 wong.

4.1.3.4 Pendhidhikan

Pendhidhikan minangka bab kang wigati tumrap sawijining panggonan, amarga kanthi anane

pendhidhikan bisa mujudake gegambaran ngenani maju orane SDM sajrone masyarakat sakupenge. Kanthi tataran pendhidhikan kang dhuwur, bisa nikelake kawruhe masyarakat lan nduweni pikiran kang maju. Saliyane kuwi saka anane kawruh kang dhuwur, ndadekake manungsa bisa diajeni marang wong liya lan uga bisa nuduhake menawa manungsa kasebut nduweni pamikiran kang dhuwur ing sajrone bebrayan. Dene manungsa kang nduweni pamikiran kang asor bisa ndadekake kurang anggone kumpul marang bebrayan sakupenge lan ndadekake kurang percaya dhiri. Nanging ing desa Ngliman saiki wis ana kemajuan sing mbiyen mayoritas pendhudhuke tamat SMP, saiki wis akeh sing tamat SMA lan ana uga saperangan sing lulusan sarjana.

4.1.3.5 Agama kang Dirasuk Warga Desa Ngliman

Masyarakat utawa warga ing desa Ngliman mayoritas ngrasuk agama Islam lan ora ana sing ngrasuk agama saliyané islam. Masyarakat desa Ngliman anggone nglakoni ibadah sing cedhak karo masjid saka peninggalane Ki Ageng Ngaliman dheweke nggunakake masjid kasebut kanggo ngibadah saben dina. Dene kanggo masyarakat ing saliyané desa Ngliman kayata dhusun Bruno, dhusun Kemukus, lan dhusun Gimbale padha bebarengan anggone mbangun panggonan kanggo ngibadah kang arupa mushola utawa masjid ing saben dhusun.

4.1.4 Gegayutane Kahanan Desa Ngliman lan TTP

Gegambaran desa Ngliman nduweni pangaribawa kang gedhe tumrap kapercayan utawa kapitayan kang wis dipercaya dening masyarakat sakupenge ngenani tradhisi turun temurun. Kapercayan kasebut bisa ndadekake utawa nuwuhake rasa kawigatene masyarakat tumrap kahanan alam kang ana ing sakupenge kanthi cara njaga lestarine alam. Tumindak lan tindak tanduke masyarakat desa Ngliman saben dinane uga menehi pangaribawa kang gedhe tumrap tradhisi kang ana lan dilaksanakake ing desa Ngliman. Kabeh alam bebrayan kang ana ing desa Ngliman iki nduweni sesambungan marang legendha MKAN lan TTP. Mula saka kuwi kanthi njaga lan nglestarekake kahanane alam bebrayan uga mujudake njaga tradhisi kasebut. Saliyane kuwi, papan kasebut uga mujudake panggonan cikal bakal legendha lan tradhisi. Mula, uga kudu dilestarekake lan cundhuk marang aturan-aturan sing ana ing legendha lan tradhisi kasebut.

Adicara-adicara kang dianakake ing MKAN kaya dene acara taunan yaiku adicara buka punden sing saben taun dianakake ping 3, yaiku sing sepisan buka punden ngruwahan (tutupan punden) sing dilaksanakake nalika tanggal siji bada itungan aboge utawa jawa yen taun iki tiba dina sabtu paing, sing kaloro yaiku buka punden riyaya fitrah sing dilaksanakake nalika sadurunge riyaya fitri kudu nyekar ing MKAN lan riyayane masyarakat desa kasebut uga kudu miturut itungan aboge, yen riyayane sadurunge itungan aboge masyarakat desa Ngliman mung oleh nglaksanakake sholat Id nanging durung oleh sejarah neng tangga teparone, lan sing pungkasan yaiku buka punden riyaya besar kang dilaksanakake nalika tanggal 10 Hijriyah uga nggunakake itungan Jawa utawa aboge.

Babagan kahanan bebrayan yen diteliti kanthi cetha sejatine nduweni pangaribawa kang gedhe tumrap anane legendha MKAN lan TTP, apa maneh yen pamong

desa Ngliman uga nduweni pangaribawa kang gedhe. Amarga yen pamong desa nduweni pangaribawa kang gedhe tumrap legendha MKAN lan TTP bisa ndadekake tansaya ngrembaka lan ora cures amarga kegawa jaman sing *modern* iki. Anane adicara-adicara sing ana ing desa Ngliman lan MKAN supaya ora cures kegawa jaman, mula kudu digethok tularake lan menehi tuladha marang bocah nom-noman sing ana ing desa Ngliman ngenani legendha MKAN lan TTP sing saben taun dilaksanakake ing desa Ngliman. kanthi anane patuladhan saka pamong desa, bisa ndadekake generasi mudha luwih semangat anggone nguri-uri legendha MKAN lan TTP sing wis ditinggalake marang KAN.

Babagan kahanan warga desa Ngliman isih padha percaya marang legendha MKAN lan TTP, amarga para warga desa Ngliman isih nglakokake adicara-adicara sing ana ing makam lan TTP sing saben taun dilaksanakake ing MKAN lan desa Ngliman. Mula saka kuwi isih perlu kawigaten saka para sesepuh sing dadi cikal bakal desa Ngliman utawa sing mangerteni ngenani legendha MKAN lan TTP supaya menehi pituduh tumrap generasi mudha supaya tetep nglaksanakake lan ngugemi legendha lan tradhisi kasebut.

4.2 Tata Laku Tradhisi Turuhan Pusaka

4.2.1 Persiapan TTP

Persiapan yaiku minangka babagan kang wigati sadurunge nindakake tata laku sawijine adicara. Persiapan ing kene yaiku nyiapake bab apa wae kang digunakake nalika nindakake TTP. Persiapane kang diwiwiti kanthi wawanrembug antarane perangkat desa, juru kunci makam sisih kulon lan wetan, ketua organisasi adat istiadat desa Ngliman, lan kabeh kepala dhusun. Wawanrembug kasebut ngrembug ngenani persiapan kapan TTP dilaksanakake, ubarampe lan piranti sing digunakake. Katrangan kasebut dikuwatake karo pethilan ing ngisor iki :

“persiapan TTP nggih mbak, persiapanipun menika menawi sampun mlebet sasi sura, perangkat desa ngempalaken sedaya perangkat desa kaliyan juru kunci makam sisih kulon lan wetan, sedaya kepala dhusun lan kula menika minangka ketua adat istiadat ing desa Ngliman mbak. Lajeng ngawontenaken rapat bahas ngenani adicara TTP dilaksanakaken dinten menapa. Nanging ten ngriki TTP sampun paten dilaksanakaken saben sasi sura dinten kamis pon malem jemuwah wage, nanging menawi ten sasi sura menika mboten wonten dinten jemuwah wage dipendhet dinten minggu pon malem senin wage.”(Wawanrembug karo ketua organisasi adat istiadat desa Ngliman – Bapak Sumarno, 5 Mei 2018)

Saka andharan kasebut cetha yen saben wis mlebu sasi sura para perangkat desa Ngliman nganakake wawan rembug marang juru kunci MKAN sisih kulon lan wetan, ketua adat istiadat, lan kabeh kepala dhusun kanggo ngrembug wektu kapan dilaksanakake TTP. Nanging menawa saiki ora mung perangkat desa wae sing melu rapat kanggo nyiapake adicara kasebut. Saiki ana

saperangan masyarakat kang dianggep mangerteni babagan TTP lan nduweni SDM sing dhuwur uga melu rapat kanggo adicara TTP. Sejatine wektu nglaksanakake TTP kuwi wis paten dilaksanakake nalika dina kamis pon malem jemuwah wage utawa dina minggu pon malem senin wage. Amarga ora kabeh sasi sura sing ana dina jemuwah wage lan senin wage. Mula karo sesepuh jaman mbiyen diwenehi wektu 2 dina. Dadi para perangkat desa lan masyarakat desa Ngliman ora wani ganti wektu kanggo nglaksanakake TTP sing wis ditetepake dening sesepuh jaman mbiyen. Saliyane kuwi ndadekake supaya kita ngormati marang sesepuh jaman mbiyen.

Nalika wawan rembug uga ora mung ngrembug babagan wektu wae, nanging uga ngrembug babagan ubarampe lan piranti kang digunakake nalika nindakake TTP. Katrangan kasebut dikuwatake karo pethilan ing ngisor iki :

“Saliyane ngrembag babagan wektune adicara TTP uga ngrembag ngenani piranti lan ubarampe sing digunakake nalika nindakake TTP menika mbak. Piranti ingkang dipunginakaken menika dipunsiyapaken kaliyan kepala dhusunipun utawa kasunipun piyambak-piyambak mbak. Amargi wonten piranti ingkang tasih disimpen kaliyan kasun lajeng saget digunakake nalika taun ngajeng. Dadose mboten kathah pengeluaranipun mbak.” (Wawanrembug karo ketua organisasi adat istiadat desa Ngliman – Bapak Sumarno, 5 Mei 2018).

Saka andharan ing ndhuwur cetha yen nalika wawan rembug ora mung ngrembug babagan wektu kanggo nindakake TTP wae nanging uga ngrembug babagan ubarampe lan piranti sing digunakake nalika TTP. Sadurunge ngrembug babagan piranti lan ubarampe biasane uga mbentuk panitia kanggo saben dhusun. Biasane ketuane yaiku kepala dhusune dhewe-dhewe. Adicara iki piranti sing digunakake wis disiyapake dening kepala dhusun utawa khasune dhewe-dhewe utawa panitia sing ana ing dhusun kasebut. Amarga piranti sing isih bisa digunakake kanggo taun ngarepe disimpen maneh dening kasun. Nanging yen ana piranti sing wis ora bisa digunakake utawa rusak, banjur kasun lapor marang kepala desa supaya ditukokake maneh. Saliyane piranti, ubarampe sing digunakake uga disiapake dening kasun, nanging uga ana ubarampe saka masyarakat dhewe. Ubarampe sing disiapake dening kasun yaiku tumpeng lan ingkung. Dene saliyan kuwi kayata ambengan, jajan pasar, gedhang raja kuwi disiapake dening masyarakat dhewe. Nanging kadhang kala uga ana masyarakat sing nggawa tumpeng lan ingkung digawa menyang panggonan kanggo nindakake TTP.

Ubarampe sing disiapne dening kasun utawa panitia saliyan tumpeng uga ana ubarampe kayata menyan, dupa, kembang setaman sing wis disiapake. Dadi masyarakat ora perlu nggawa menyan, dupa, lan kembang setaman dhewe-dhewe. Mung masyarakat padha nggawa wadhah kanggo banyu sing mari digunakake kanggo nuruh pusaka. Nalika jaman mbiyen, wadhah kasebut saka pring banjur yen wis diisi banyu digawa menyang sawah lan diencepna ing pinggire sawah supaya anggone

tetanduran bisa nduweni asil sing apik lan ora keserang hama penyakit. Yen jaman saiki ora ana sing nggawa wadhah teka pring, biasane masyarakat nggawa wadhah saka bekas botol aqua. Nanging banyu kasebut ora oleh diombe mung bisa kanggo tolak hama penyakit ing tetanduran wae.

4.2.2 Tata Laku TTP

Tata laku kuwi minangka punjere saka sawijine adicara. Ing TTP iki minangka punjere adicara yaiku nalika nindakake mboyong pusaka lan TTP sing dilaksanakake ing saben dhusun kanthi cara gentian sing diwiwiti saka gedhong pusaka banjur desa Ngliman, Bruno, kemukus, lan gimbal. TTP dilaksanakake saben sasi sura dina kamis pon malem jemuwah wage utawa yen ora ana dina kuwi bisa nggunakake dina minggu pon malem senin wage. TTP dilaksanakake wiwit ba'da magrib nganti sarampung.

“turuhan pusaka menika dipunlaksanakaken saben taun mbak. Lha pas ipun menika sasi sura. Masyarakat desa Ngliman menika mercayai menawi diwontenaken adicara turuhan pusaka jalaran masyarakat nyuwun berkah lumantar peninggalan saking KAN. Lajeng TTP menika dilaksanakaken dinten kamis pon malem jemuwah wage menawi ten sasi sura mboten wonten dinten menika saget nggunakake dinten minggu pon malem senin wage. TTP dipunwiwiti ba'da magrib saking gedhong pusaka sing manggen wonten sebelah kantor desa Ngliman. Banjur pusaka menika didalaken digendhong dening sedaya perangkat desa lan diboyong menyang 4 dhusun nggih menika dhusun Ngliman, Bruno, Kemukus lan Gimbal mangke mbalek maleh ten gedhong pusaka mbak.” (Wawanrembug karo ketua organisasi adat istiadat desa Ngliman – Bapak Sumarno, 5 Mei 2018)

Saka andharan ing ndhuwur cetha yen TTP ditindakake saben taun sepisan tepate saben sasi sura. Dinane yaiku kamis pon malem jemuwah wage utawa yen ing sasi sura kasebut ora ana dina kuwi mau banjur dipilih dina minggu pon malem senin wage. Adicara kasebut dipercaya lan diuri-uri dening masyarakat jalaran masyarakat nyuwun berkah lumantar peninggalan KAN kang arupa pusaka keris lan pusaka pewayangan. Saliyane nyuwun berkah uga kanggo supaya anggone olah tetanen masyarakat bisa menahi kasil sing apik lan ora dipangan dening hama penyakit utawa wereng.

Adicara kasebut ditindakake kanthi diwiwiti nalika ba'da magrib saka gedhong pusaka sing manggon ana ing sebelah kantor desa Ngliman. Banjur kabeh pusaka mau digendhong dening perangkat desa lan disusul kabeh masyarakat desa Ngliman khusus sing lanang. Nanging menawa jaman mbiyen wong wadon uga oleh melu nindakake mboyong pusaka. Dene saiki mung wong lanang wae jalaran mesakna yen wong wadon uga melu mboyong pusaka. Dadi wong wadon langsung mara menyang panggonan kanggo nindakake TTP. Sawise pusaka digendhong diboyong menyang pendhapa kantor

desa Ngliman kanggo nindakake TTP sing kawiwitan. Banjur sawise saka bale desa Ngliman diterusna ing dhusun Bruno, Kemukus, lan Gimbal banjur diboyong maneh menyang gedhong pusaka. Sadurunge diboyong uga ana upacara sing dilakokake ing ngarepe gedhong pusaka. Nalika nindakake mboyong pusaka ora ana warga sing nyumet lampu amarga pancen ora oleh nyumet lampu lan diganti nggunakake obor kanggo lampune.

“nalika pusaka diboyong saking gedhong pusaka menyang pendhapa kantor desa Ngliman, ten mriku sampun kathah masyarakat ingkang badhe nglaksanakake TTP mbak. Lha masyarakat uga sami mbeta ambengan menawi mboten ngonten nggih jajan, dene kasun utawi panitia mbeta ingkung. Mangke saderenge nindakake nuruh pusaka warga desa Ngliman nglaksanakake kondangan kangge ngucapake syukur masyarakat supados diparingi kesehatan badan lan tetanemanipun mboten diserang kaliyan hama. Sabibare kondangan mangke ambengane menika diporak lan bageyane ora padha karo sing nalika digawa.” (Wawanrembug karo ketua organisasi adat istiadat desa Ngliman – Bapak Sumarno, 5 Mei 2018)

Saka andharan ing ndhuwur cetha yen sawise pusaka diboyong menyang pendhapa kantor desa banjur masyarakat sadurunge nindakake TTP luwih dhisik nindakake slametan utawa kondangan kangge ngucapake rasa syukur marang Gusti supaya diparingi kesehatan badan lan tetandurane supaya ora diserang hama penyakit. Masyarakat anggone nindakake slametan padha nggawa ambengan dhewe-dhewe uga malah ana sing nggawa jajan. Dene nalika TTP kudu ana ingkunge sing disiapake dening kasun utawa panitia kanggo nindakake adicara kasebut. Sawise dianakake slametan banjur ambengan mau diporak kaliyan masyarakat sing melu nindakake TTP kanthi rasa bungah amarga bisa nindakake tradhisi kasebut. Ambengan mau dibagi dening panitia marang masyarakat. Dadi saben masyarakat oleh ambengan sing beda karo sing digawa mau. Lan kabeh masyarakat uga kebagian amarga masyarakat yen nggawa ambengan ora mung siji, dadi ana sing nggawa 2-3 saben wong. Tradhisi kaya mangkono ditindakake saben dhusun dhewe-dhewe lan panggonan kang beda utawa manggon ing papan panggonan kang wis disiapake dening panitia. Biasane manggon ana ing daleme kepala dhusune dhewe-dhewe. Nanging uga ana sing dhusune nduweni papan panggonan kanggo pertemuan. Mula ditindakake ing papan pertemuan kuwi mau.

“sabibare slametan nembe dipunlaksanakaken TTP mbak. Mangke perangkat desa nyiapaken toya disalap ten maron lan diparingi sekar setaman. Banjur kasunipun ingkang nuruh pusaka menika setunggal-setunggal. Saderenge pusaka dipun turuh, pusaka menika dipun menyani rumiyin lajeng nembe dipun turuh. Nuruh menika benten kaliyan jamas mbak. Menawi nuruh

pusaka menika namung diumbah pucuke pusaka mawon mboten sedaya lan mboten diparingi wewangen sabibare nuruh. Dadose nggih langsung dilebetaken wadhaha malih banjur digendhong malih kangge diboyong dhateng desa sabanjure. Ing desa sabanjure tata lakune uga ngonten ngantos dhusun ingkang pungkasan.” (Wawanrembug karo ketua organisasi adat istiadat desa Ngliman – Bapak Sumarno, 5 Mei 2018)

Saka andharan ing ndhuwur cetha yen sawise slametan banjur nindakake TTP sing wis disiapake banyu diwadhahi maron lan diwenehi kembang setaman dening panitia. Sawise piranti lan ubarampene siyap banjur kasune sing nindakake nuruh pusaka utawa TTP kanthi gentiyen siji-siji. Sadurunge dituruh pusakane dikutuki dhisik banjur dituruh. Sawise dituruh pusaka kasebut dilebokake maneh menyang wadhaha lan digendhong maneh persiapan kanggo diboyong menyang dhusun sabanjure nganti dhusun sing pungkasan lan mbalik maneh menyang gedhong pusaka. Nalika dituruh mau mung pucuke pusaka wae sing dituruh. Dadi ora kabeh pusaka mau dituruh lan uga ora diwenehi minyak. Dadi sawise dikutuki langsung dituruh. Nalika nindakake TTP masyarakat padha lungguh lan ndeleng adicara kasebut kanthi rasa bungah lan semangat. Amarga ngelingi yen kuwi minangka peninggalan tradhisi saka pawongan sing mbabad desa. Mula kudu dijaga lan diuri-uri supaya tradhisi kasebut ora luntur kegerus dening jaman sing modern kaya mangkene. Saliyane kuwi masyarakat uga ora wani ngowahi tata laku, piranti lan ubarampe kanggo nindakake TTP. Jalaran tata laku, piranti lan ubarampe kasebut kagolong perangan kang penting kanggo nindakake TTP lan wis turun-temurun wiwit jaman mbiyen lan ora oleh ngowahi tata lakune. Yen ana sing wani ngowahi tata lakune bisa oleh musibah. Musibah kasebut ana werna-werna.

4.2.3 Pungkasane TTP

Adicara panutup sajrone TTP ditandhai kanthi anane royokan banyu bekase sing digunakake nalika nuruh pusaka. Sawise nuruh pusaka para warga padha ngruyuk banyu kasebut diwadhahi pring banjur diencepna neng sawah kanggo tolak balak hama penyakit. Katrangan kasebut dikuwatake karo pethilan ing ngisor iki :

“sawise pusaka dituruh lajeng toya bekase turuhan menika dikruyuk warga diwadhahi botol aqua nanging menawi jaman rumiyin ngginakaken niku mbak pring. Sabibare pikantuk toya lajeng dibeta ten sabin didamel tolak balak hama menawi jaman rumiyin toyanipun sing diwadhahi pring diencepna ten lemah menawi sakmenika nggih toyane diguyangne ten sabin. Nanging toya wau mboten pareng di unjuk amargi ngandhut racun.” (Wawanrembug karo ketua organisasi adat istiadat desa Ngliman – Bapak Sumarno, 5 Mei 2018)

Saka andharan ing ndhuwur cetha yen tata laku kasebut minangka adicara panutup sajrone TTP yaiku

kruyukan banyu bekase turuhan pusaka. Ing babagan TTP iki, akeh banget warga kang nyengkuyung kanggo nglaksanakake adicara kanthi nduweni niatan dhewe ora ana paksaan saka wong liya. Amarga warga desa Ngliman wis padha percaya yen dheweke nindakake TTP dheweke bakal diparingi kesehatan lan tetanemane ora diserang karo hama penyakit. Mulane kabeh padha antusias kanggo nggolek banyu bekase kanggo nuruh pusaka. Banjur banyu kasebut diwadahi lan digawa menyang sawah. Yen jaman mbiyen diencepna ana ing galengan utawa pinggire sawah nanging menawa jaman saiki diguyangna ana ing sawahe. Saliyane kuwi uga ana pawongan sing nggunakake banyu kasebut kanggo mageri omah supaya ora ana barang alus sing manggon ana ing omahe. Mulane tradhisi kasebut isih tetep dilaksanakake saben taun wiwit mbiyen nganti jaman saiki. Nanging merga anane jaman sing modern iki ana saperangan masyarakat sing ora percaya karo tradhisi kasebut. Jalaran wis kena pengaruh saka globalisasi utawa saka Negara manca. Kuwi mau ora kabeh masyarakat sing nduweni paham kaya mangkono. Isih akeh sing nduweni paham tetep nglaksanakake tradhisi kasebut uga isih nguri-uri lan menehi weruh marang generasi mudha supaya tetep nglaksanakake tradhisi kasebut saben taun.

4.3 Ubarampe lan Makna Sajrone TTP

Ubarampe minangka salah sawijine piranti kang digunakake nalika nindakake TTP. Saben ubarampe kasebut nduweni nilai utawa makna tumrap sawijine adicara adat. Masyarakat sakupenge padha percaya yen ora nyepaki ubarampe sajrone TTP kasebut bakal kena musibah. Mula saka kuwi masyarakat pangugeme tradhisi kudu nggatekake tenan ubarampe kang kudu ana nalika nindakake TTP kasebut. Saliyane kuwi uga ana kapercayan yen anane ubarampe minangka salah sawijine pakurmatan marang Gusti. Mula masyarakat pangugeme padha ngrasa wedi yen menawa anggane nyiapake ubarampe ora jangkep lan ndadekake anane musibah ing desane lan kekarepane ora bisa kasembadan.

1) Tumpeng

Tumpeng yaiku sega kang diwangun kaya gunung, tumpeng uga salah sawijine ubarampe kang wajib sajrone adicara TTP. Tembung tumpeng sajrone basa Jawa tumuju ing lepeng marang Gusti Pangeran. Tumpeng kuwi nduweni makna bisa ndedonga anteng, meneng, jejeg, methetheng, kaya-kaya nduweni teges yen nalika ndedonga kuwi kudu pasrah marang Gusti. Tumpeng iki kerep digunakake dening para warga nalika nindakake slametan supaya bisa luwih cedhak maneh marang Gustine. Saliyane kuwi uga ana saperangan masyarakat yen wis kasembadan kekarepane lan wis dijabahi dongane dening Gusti Allah uga nindakake slametan nggunakake tumpeng.

Sajrone tumpeng kuwi nduweni maneka warna lawuh kang uga nduweni makna kayata pitik panggang, urap-urap, la nana gedhang raja lan jajan pasar sing ana sajrone ubarampe tumpeng. Kabeh kuwi mau nduweni makna kang beda-beda. Supaya luwih cetha bisa dideleng saka katrangan ing ngisor iki :

a) Pitik Panggang

Pitik panggang yaiku sawijine ubarampe utawa lawuh kang ana sajrone tumpeng. Pitik panggang biasane sing digunakake jinise pitik apa wae kang isih kemanggang lan bakal ngasilake daging kang isih legi ora

gonyeh, nanging yen kanggo slametan TTP biasane masyarakat desa nggunakake pitik Jawa. amarga saka rasane wae wis katon beda karo jinise pitik liyane. Mula masyarakat seneng yen nggunakake pitik Jawa. Nanging menawa jaman saiki angel golek pitik jawa biasane masyarakat nggunakake pitik liyane pitik jawa sing penting ana pitik panggange. Cara kasebut minangka cara sing pungkasan menawa pancen ora nemu pitik jawa kanggo nggawe pitik panggang.

b) Urap-urap

Urap-urap minangka salah sawijine isen-isenan sajrone lawuh tumpeng. Urap mujudake lawuhan kang digawe saka tetuwuhan kayata kacang lanjaran, cambah, godhong tela, kenikir, lan kadhang uga nggunakake godhong kates banjur dicampur karo klapa parutan kang wis dicampur karo bumbu utawa wis dibumboni.

c) Gedhang Raja Satangkep

Gedhang raja kuwi pralambang mulyane urip. Gedhang raja kang digawe sajen sajrone adicara wujud ana rong cengkeh utawa setangkep. Gedhang raja sing digunakake kudu wis mateng amarga sawise adicara gedhang kasebut bakale dipangan dening masyarakat desa Ngliman kang melu adicara. Gedhang kasebut nduweni maksud supaya masyarakat desa Ngliman oleh kaslametan lan pitulungan nalika nindakake adicara TTP. Bab kasebut uga ngemu teges yen masyarakat desa Ngliman bisa tansah rumaket pasedulurane jalaran nindakake adicara kasebut.

Gedhang raja kuwi nduweni teges minangka pangarsa kang nduweni kawicaksanaan, nduweni perbawa karo pawongan. Menehi tetekan pawongan sing lunyu, menehi pepadhang sing peteng, lan menehi pangan sing kacingkrangan.

d) Jajan Pasar

Jajan pasar yaiku jajan kang biasane didol ana ing pasar, jinise jajan pasar kuwi warna-warna kayata apem, puthu ayu, kucur, lan liya-liyane. Nanging jajan pasar kuwi mau kegerus jaman dadi ngrembaka malih maneka warna jinise jajan pasar kayata jaman saiki ana jajan roti *brownies*, *pisang keju*, lan sapiturute. Jajan pasar kuwi sejatine nduweni makna yaiku nalika manungsa nduweni krenteg nggayuh pepinginan kang maneka warna.

e) Ambengan

Ambengan utawa ambeng yaiku dhaharan kang bisa didhahar nalika lagi nindakake slametan. Ambengan uga bisa didadekake pralambang minangka pinaringan kabegjan lan rejeki kang akeh. Ambeng utawa ambengan iki minangka panyengkuyung sajrone adicara slametan TTP. Isine ambeng utawa ambengan iki yaiku Sega putih, sroding, sambel goreng mi, urap-urap, lan iwak pitik kadhang kala uga ana sing nggawa lawuh endhog. Gumantung sing nggawa wong sugih utawa wong sing biasa-biasa wae. Banjur ambengan kasebut diwadahi wakul plastik.

2) Kembang Setaman

Kembang setaman iki nduweni makna yaiku minangka menehi pakurmatan tumrap leluhur-leluhur jaman mbiyen. Masyarakat jaman mbiyen akeh kang isih percaya marang leluhur-leluhur jaman mbiyen. Nganti saiki masyarakat desa Ngliman uga isih percaya nanging ana saperangan sing wis oleh pengaruh saka bangsa manca lan ndadekake ora percaya anane adicara kasebut.

Kembang setaman ing kene digunakake kanggo nuruh pusaka. Dadi kembang setaman dilebokne ing maron sing isine banyu banjur digawe kanggo nuruh pusaka sing nduweni ancas kanggo ngucap rasa syukur marang Gusti kang murbeng dumadi lan supaya anggone tetanenan ora dipangan hama. Dene kembang setaman nduweni makna yaiku minangka simbol tumrap kautaman masyarakat sajrone urip ing bebrayan.

3) Menyan

Menyan sajrone ubarampe TTP digunakake nalika mboyong pusaka. Saliyane kuwi uga digunakake kanggo ngutuki pusaka nalika sadurunge dituruh. Menyan uga nduweni makna kanggo ngundhang roh-roh alus amarga saka ambune sing krasa banget. Nganti jaman saiki menyan isih digunakake minangka adicara tradhisi-tradhisi lan mesthi cendherung ngandhut unsur mistis.

4) Maron

Maron minangka sawijine ubarampe kanggo nindakake TTP. Sajrone TTP maron minangka wadhahe banyu sing arep digunakake kanggo nuruh pusaka. Maron sajrone TTP diisi banyu lan kembang setaman.

5) Kain Mori

Kain mori sajrone tradhisi TTP digunakake kanggo ngadhahi pusaka sadurunge dilebokna neng njero wadhahe pusaka. Saliyane digunakake kanggo ngadhahi pusaka kain mori uga bisa digunakake kanggo taplak meja nalika nindakake turuhan pusaka. Mori ing kene nduweni makna dideleng saka wernane kang putih minangka wujud saka kesucian ati.

6) Obor

Obor minangka sawijine piranti saka pring kang njerone diwenahi lenga gas lan diwenahi kain supaya bisa mekan. Obor sajrone TTP digunakake minangka gantine lampu kanggo madhangi dalan nalika mboyong pusaka. Amarga nalika mboyong pusaka, kabeh lampu dipateni lan diganti nggunakake obor.

4.4 Pigunane TTP Tumrap Masyarakat Panyengkuyunge

4.4.1 TTP Minangka Alat Proyeksi

TTP iki menehi pangangen-angen tumrap masyarakat panyengkuyunge. Anane crita legendha MKAN lan TTP menehi pangarep-arep masyarakat, supaya masyarakat diwenahi kaberkahan, kaslametan anggone urip ing alam donya. Ora mung kanggo masyarakat wae, nanging uga kanggo tetanen sing ana ing desa Ngliman supaya ora dipangan hama. Sejatine akeh piguna kang bisa dijupuk saka anane tradhisi, salah sawijine yaiku tolak balak. TTP ing desa Ngliman nganti saiki isih dipercaya dening masyarakat. Sajrone TTP ana sawijine ubarampe sing bisa digunakake kanggo tolak balak yaiku banyu sing sawise digunakake kanggo nindakake TTP sing dipercaya dening masyarakat desa Ngliman minangka tolak balak anggone olah tetanen.

4.4.2 TTP Minangka Alat Pengesahan Budaya

Nalika manungsa urip ana ing alam donya, kang dikarepake lan disuwun dening manungsa yaiku bisa urip slamet donya lan akhirat. Sejatine akeh banget tata cara kang bisa ditindakake kanggo nyuwun marang Gusti kang Maha Kuwasa supaya diparingi kaslametan lan kelancaran anggone nindakake tumindak ing alam donya. Anane maneka warna tata cara kasebut ndadekake tuwuh adicara-

adicara kang dianggep bisa menehi kaslametan. Tuwuhe tradhisi kasebut banjur disahake minangka kabudayan.

Maneka warna adicara kang ana ing Desa ngliman akeh banget kang wis disahake minangka kabudayan lan tradhisi kang nduweni ancas kanggo nylameti awake dhewe uga kanggo desa. Salah sawijine adicara kasebut yaiku adicara TTP sing wis dilaksanakake dening masyarakat desa Ngliman wiwit jaman mbiyen nganti saiki. Adicara TTP iki dilaksanakake kanggo ngucap syukur masyarakat desa Ngliman jalaran wis piningan kaslametan lan anggone tetanduran ora dipangan hama. Saliyane kuwi uga isih akeh tradhisi sing dilaksanakake dening masyarakat Ngliman saben taun.

4.4.3 TTP Minangka Sarana Pendhidhikan

TTP uga minangka sawijine perangan kabudayan kang bisa dadi sarana pagulawenthah utawa ndhidhik bocah nom-noman. Lumantar TTP kasebut nduweni ancas supaya bocah nom-noman bisa mangerteni sapa sing mbabad desa Ngliman lan mangerteni makna-makna apa wae kang kinandhut sajrone TTP. TTP uga bisa dadi medhia pasinaon tumrap masyarakat desa Ngliman khusus bocah nom-noman supaya bisa kanggo patuladhan anggone urip saben dina lan urip ing bebrayan. TTP ing kene ana amarga anane pituduh saka sesepuh jaman mbiyen kang mangerteni babagan TPP lan menehi weruh kaya ngapa sejatine TTP lan paedhahe nglaksanakake TTP kasebut.

4.4.4 TTP Minangka Alat Pengendhali Sosial

Manungsa minangka makhluk sosial sing ora bisa urip dhewe tanpa anane manungsa liyane. Mula saka kuwi manungsa kudu bisa sesrawungan marang manungsa liyane kanthi nduweni ancas supaya bisa tetep njaga paseduluran salah sawijine marang tangga teparone. Lumantar TTP iki uga bisa ndadekake pawongan kanggo njaga paseduluran. amarga nalika masyarakat nindakake TTP kasebut minangka alat kanggo sarana kanggo ngendhalekake tumindake masyarakat ing sajrone urip bebrayan.

4.5 Owah-owahan Tradhisi Sanjrone TTP

4.5.1 Owah-owahan Sajrone Tata Laku TTP

Tata laku sajrone TTP nalika jaman mbiyen nganti saiki uga ngalami owah-owahan. Senadyan owah-owahan kasebut ora pati akeh, amarga masyarakat desa Ngliman isih tansah percaya lan wedi yen arep ngowahi tata laku nalika nindakake TTP. Owah-owahan kang bisa dideleng saka tata laku nalika nindakake TTP jaman saiki yaiku nalika nindakake mboyong pusaka.

Saliyane anane owah-owahan nalika mboyong pusaka, uga ana tata laku nyusun panitia sing ngalami owah-owahan. Nalika jaman mbiyen panitia kanggo nindakake TTP mung ditindakake dening perangkat desa wae. Yen jaman saiki ora mung perangkat desa wae nanging uga ana saperangan masyarakat sing melu dadi panitia nalika nindakake TTP. Tata laku saliyané yaiku nyiapake babagan ubarampe lan piranti sing uga ngalami owah-owahan. Menawa jaman mbiyen piranti sing wis rusak kuwi didandani maneh. Nanging menawa jaman saiki piranti sing wis rusak bakal diganti karo piranti sing anyar lan tumpeng uga wis disiapake dening kepala dhusune dhewe-dhewe dadi masyarakat mung gawa ambeng karo jajan pasar wae.

Tata laku ngetokake pusaka, nggendhong pusaka, upacara TTP, slametan, morak ambengan, pusaka

dikutuki, nuruh pusaka lan morak banyu turuhan ora ana owah-owahan. Amarga nganti saiki isih dilakokake senadyan ana saperangan sing ngalami owah-owahan nanging kuwi dianggep mung owah-owahan kang wajar. Dadi bisa diarani yen tata lakune ora ngalami owah-owahan.

4.5.2 Owah-owahan Sajrone Ubarampe TTP

Saliyane tata laku TTP kang ngalami owah-owahan, sajrone ubarampe TTP uga ngalami owah-owahan. Amarga ubarampe sajrone TTP asipat *dinamis*. Mula gumantung karo kahanan ing jaman saiki. nuduhake yen jaman saiki ubarampe kang digunakake kanggo nindakake TTP akeh kang owah, Kaya dene tumpeng, tumpeng iki ubarampe kang wajib wiwit jaman biyen nganti saiki. Jaman biyen ubarampe kasebut diwadhai tampah lan nggawe godhong gedhang, tumpeng kasebut uga ana adu utawa lawuh, beda karo jaman saiki tumpeng wis diwadhai nganggo ember banjur ditaleni nganggo ember supaya gampang anggane nggawa, tumpeng jaman saiki lawuhe uga akeh lan padha ana hiasane. Mula tumpeng saiki karo tumpeng jaman biyen narik kawigaten tumpeng jaman saiki amarga masyarakate wis padha kreatif.

Ubarampe sabanjure yaiku ngenani ambengan. Nalika jaman mbiyen ambeng kuwi mesthi dideleh ana ing waku plastik lan lawuhe uga ana macem-macem. Dene saiki ambengan diwadhai neng wadhah sterofom. Lawuhe ambengan saiki uga beda karo jaman mbiyen, yen jaman mbiyen lawuh bumbu pepek dene saiki kadhang kala ana sing gawa lawuhe ora nggunakake srongeng, sambel goreng lsp nanging malah nggawa lawuh sambel lalapan amarga luwih praktis tinimbang sing nggunakake lawuh bumbu pepek.

Saliyane ubarampe tumpeng lan ambengan, uga ana ubarampe ingkung sing ngalami owah-owahan. Inkung yen jaman mbiyen mesthi nggunakake pitik jawa asli, nanging yen jaman saiki menawa angel nggolek pitik jawa asli diganti nggunakake pitik biasa. Banjur jajan pasar uga ngalami owah-owahan. Amarga yen pawongan jaman saiki luwih seneng nggawa jajan sing kaya roti-rotian ora kaya wong jaman mbiyen sing mesthi nggawa jajan pasar. Amarga masyarakat jaman saiki luwih milih kepenake kanggo nggolek roti tinimbang jajan pasar sing kudu isuk-isuk menyang pasar utawa nggawe dhewe. Saliyane kuwi uga isih ana ubarampe kang ngalami owah-owahan.

4.5.3 Faktor-faktor kang Njalari Owah-owahan Sajrone TTP

Owah-owahan kang ana sajrone TTP jalaran anane faktor-faktor kaya dene factor internal lan eksternal. Saka kaloro factor kasebut bakal dijlentrahna kaya ing ngisor iki :

4.5.3.1 Faktor Internal

Sajrone proses adicara TTP, masyarakat Jawa uga nduweni panemu anyar, yaiku babagan jajan pasar kang digawa dening para warga menawa jaman mbiyen kuwi asli jajan pasar kayata puthu ayu, jenang, nagasari, mendut lan sapiturute utawa jajan pala pendhem kayata kacang godhog, tela, gedhang godhog lan liya-liyane. Nanging menawa jaman saiki ana sing nggawa jajan kayata *brownies* lan *Roti-rotian*. Saliyane kuwi uga kadhang kala ana sing nggawa jajan sing senengane bocah cilik-cilik.

4.5.3.2 Faktor Eksternal

TTP iki mujudake faktor eksternal yaiku difusi lan akulturasi, saka difusi kasebut panyebaran unsur-unsur kabudayan saka panggonan siji menyang panggonan liyane. Ateges ana saperangan masyarakat pindhah saka dhaerah liyane. banjur ngenani akulturasi, budaya kang wis ana campuran saka budaya liyane kaya dene kabupaten liya karo TTP sing ana ing desa Ngliman wis beda. Mula ana pengaruh dening pawongan sing pindhah saka panggonan siji menyang panggonan liyane saengga ndadekake ana perubahan tradhisi.

4.6.4 Unsur-unsur Anyar kang Mlebu Sajrone TTP

Anane teknologi kang maju, kudune bisa ndadekake adicara TTP tambah endah ora malah nduweni dampak kang negatip tumrap TTP. Amarga jaman saiki akeh tradhisi kang cures kegawa dening jaman lan teknologi kang maju iki. Wujud unsur kabudayan anyar kang mlebu sajrone tradhisi lan menahi pangaribawa kang gedhe tumrap TTP.

Saliyane kuwi masyarakat uga tansah ngugemi anane tradhisi kasebut, siring karo lumakune jaman, saya suwe jaman kang saya modern sarta saya ngrembaka lan maju, akeh owah-owahan saka tradhisi. Saliyane iku, panampane masyarakat ing desa kasebut uga apik senadyan akeh unsur anyar kang mlebu ing adicara.

Andharan ing dhuwur nuduhake unsur lawas lan unsur anyar kang nduweni pangaribawa apik lan kurang apik. Unsur-unsur kasebut awujud ubarampe TTP. Senadyan unsur kasebut nduweni pengaruh apik lan kurang apik nanging tetep ditrima tumrap masyarakat bebrayan kanggo nyengkuyung adicara, supaya tradhisi kasebut tetep lestari lan ngrembaka.

PANUTUP

5.1 Dudutan

Legendha MKAN diwiwiti kanthi crita nalika jaman semana ing desa Ngliman isih arupa alas sing durung ana panguripan lan manggon ing pucuke gunung wilis. Banjur ana pawongan sing dijuluki Ki Ageng Ngaliman sing sesingitan ana ing desa Ngliman kasebut. Mula saka kuwi desa sing nalika jaman mbiyen isih arupa alas dijenengi desa Ngliman. Nalika sesingitan Ki Ageng Ngaliman kasebut ngedekna sawijine padhepokan lan nduweni anak buah utawa santri akeh. Sejatine sing sesingitan ing alas Ngliman kasebut ana loro lan dijuluki Ki Ageng Ngaliman kabeh. Amarga pawongan mau ora gelem nuduhna jeneng asline nganti panjenengane seda. Menawa ana pawongan sing nuduhake bakal oleh musibah. Mula Ki Ageng Ngaliman nganti seda ora ana pawongan sing wani nuduhake jeneng asline. Banjur sawise seda, makame uga beda ana sing ing sisih kulon lan sisih wetan. Sadurunge Ki Ageng Ngaliman seda panjenengane nduweni peninggalan kang arupa pusaka. Saka peninggalan kasebut ditindakake sawijine tradhisi yaiku salah sawijine TTP sing isih ditindakake dening masyarakat desa Ngliman nganti saiki.

Tata Laku anggane nindakake TTP kaperang dadi ana telu yaiku : 1) Persiapan, 2) Tata laku TTP, 3) Pungkasan. Ing tahap persiapan yaiku nyiapake baba pa wae kang diwiwiti kanthi nindakake wawanrembug antarane perangkat desa, juru kunci makam sisih wetan lan kulon, ketua adat istiadat lan kabeh kepala dhusun. Nalika nindakake musyawarah ngrembug babagan wektu,

ubarampe, lan piranti kanggo nindakake TTP. Tahap tata laku yaiku nindakake mboyong pusaka lan nuruh pusaka sing dilaksanakake ing saben dhusun kanthi gentian sing diwiwiti saka gedhong pusaka banjur diboyong ing desa Ngliman, dhusun Bruno, Kemukus lan Gimal. Dene kang pungkasan yaiku panutup. Sajrone panutup adicara yaiku royokan banyu bekase sing digunakake nalika nuruh pusaka. Nalika jaman mbiyen banyune sing digawe royokan diwadhahi pring banjur dening masyarakat diencepna ing sawah kanggo tolak balak hama penyakit.

Ubarampe kang digunakake sajrone TTP ana sajen yaiku kembang setaman lan gedhang raja satangkep, tumpeng sing isine ana pitik panggang, urap-urap, lan lawuh liyane kanggo njangkepi, ambengan lan jajan pasar sing digawa dening masyarakat, lan menyan, maron, kain mori, obor sing digunakake kanggo nindakake TTP.

Wujud ubarampe kanggo nindakake TTP nduweni makna kang beda-beda, kayata : 1) Kembang setaman, gedhang selirang lan menyan kang nduweni makna, yen sesajen nduweni makna minangka simbol kautamane masyarakat sajrone urip ing bebrayan. Dene menyan nduweni makna minangka kanggo ngundhang roh-roh alus kanggo nindakake TTP amarga saka ambune wae wis krasa banget. 2) Tumpeng sing nduweni makna minangka gegambarane manungsa kang kudu gagah pideksa kaya dene gunung supaya rejekine gedhe kaya gunung lan bisa nggayuh pangangen-angene senadyan dhuwur kaya dene gunung. Sajrone tumpeng ana urap-urap lan pitik panggang. Urap-urap nduweni makna sajrone panguripane manungsa bisa diwenehi umur kang dawa, lan bisa nuwuhake keturunan kang bisa dadi generasi penerus kang nduweni watak becik lan migunani kanggo sapa wae. Dene pitik panggang nduweni makna supaya wong yen nggolek sandhang pangan bisa mandhiri ora gumantung karo wong liya. 3) Ambengan lan jajan pasar uga nduweni makna, ambengan nduweni makna minangka pralambang pinaringan kabegjan lan rejeki dene jajan pasar nduweni makna minangka pangajab dening Gusti kang Maha Kuwasa supaya tansah pinaringan berkah saka kersane. 4) Kain mori nduweni makna yen dideleng saka wernane kang putih minangka wujud kesuciane ati.

TTP nduweni fungsi tumrap masyarakat panyengkuyunge, kayata 1) minangka alat proyeksi, 2) minangka alat pengesahan budaya, 3) minangka sarana pendhidhikan, 4) minangka alat pengendalian sosial.

Owah-owahan sajrone TTP diperang dadi loro, yaiku owah-owahan sajrone tata laku lan ubarampe. Owah-owahan sajrone tata laku yaiku nalika nindakake mboyong pusaka yen jaman mbiyen kabeh lampu dipateni banjur nggunakake obor. Nanging yen jaman saiki lampu sing dipateni mung sing omahe dilewati kanggo mboyong pusaka wae. Banjur sing melu mboyong pusaka uga ana owah-owahan. Owah-owahane nalika jaman mbiyen kabeh masyarakat melu mboyong pusaka nanging yen jaman saiki mung wong lanang lan bocah nom-noman sing oleh melu mboyong pusaka. Sing liyane ngenteni neng omahe kepala dhusun kanggo nindakake TTP. Owah-owahan sajrone ubarampe yaiku ana papat, sing sepisan owah-owahan sajrone ubarampe tumpeng. Nalika jaman mbiyen mung nggunakake urap-urap lan pitik panggang nanging saiki ditambahi lawuh liyane sing digunakake minangka pelengkap wae. Sing keloro owah-

owahan sajrone jajan pasar. Nalika jaman mbiyen masyarakat padha nggawa jajan pasar tenanan kayata puthu, apem, nagasari, mendut, bikang, apem, lan liya-liyane. Nanging saiki akeh masyarakat sing padha nggawa jajan sing bentuk roti lan jarang sing nggawa jajan pasar tenanan kecuali wong sing wis sepuh. Sing ketelu owah-owahan sajrone wadhah kanggo ngadhahi banyu sing sawise kanggo nuruh pusaka sing nalika jaman mbiyen nggunakake wadhah saka pring nanging saiki akeh sing nggunakake botol bekas kanggo ngadhahi banyu kasebut. Dene sing pungkasan yaiku owah-owahan sajrone busana nalika nindakake TTP. Nalika jaman mbiyen perangkat desa anggane nindakake TTP mung nggunakake klambi biasa. Nanging saiki nalika nindakake TTP nggunakake klambi adat jawa.

Faktor-faktor kang njalari anane owah-owahan sajrone TTP yaiku jalaran ana unsur anyar kang mlebu ing tradhisi kasebut. Unsur-unsur anyar mau jalaran anane kemajuan teknolgi kang tansaya maju. Anane unsur-unsur anyar mau nduweni dhampak positif lan negatif gumantung kepriye carane nyikapi teknologi sing tansaya maju iki.

5.2 Pamrayoga

Ing jaman kang wis modern iki, akeh manungsa kang sakabehe pola pikir lan tumindake ngalami owah-owahan. Mula, ing jaman modern iki, tradhisi kudu tetep dijaga lan dilestarekake supaya ora owah kang disebabake jalaran teknologi sing tansaya maju iki. Kaya dene TTP sing saiki wis rada ngalami owah-owahan senadyan ora kabeh mung saperangan wae sing ngalami owah-owahan. Supaya ora tambah ngrembaka owah-owahane mula kita minangka generasi mudha kudu tetep njaga lan nglestarekake TTP sing wis turun temurun saka leluhur kita. Supaya tradhisi kita ora cures kegawa dening jaman sing tansaya modern lan teknologi sing tansaya maju. Sejatine tradhisi kuwi nduweni piguna tumrap masyarakat umum. Senadyan bab tradhisi ora mlebu ing babagan agama, nanging tradhisi nduweni nilai bebrayan kang luhur. Mula kanthi anane dhokumentasi iki, dikarepake supaya masyarakat padha nyengkuyung anggane nindakake TTP khusus kanggo generasi mudha. Asil saka panliten iki supaya bisa nambah kawruh lan minangka sarana usaha wiwit anggane ngleluru lan kanggo nylametake wujud saka kabudayaan Jawa kang isih tetep diugemi dening masyarakat lan bisa nggugah ati kanggo generasi mudha supaya tresna marang generasi dhewe, tinimbang budaya liya kang ndadekake kabudayane dhewe ilang.

KAPUSTAKAN

- Arikunto, Suharsimi.2010. *Prosedur Penelitian suatu pendekatan Praktik*. Jakarta: Rineka Cipta.
- Bakker, JWM. 1984. *Filsafat kebudayaan, sebuah pengantar*. Yogyakarta: Penerbit Kanisius.
- Danandjaja,James. 1984. *Folklor Indonesia (Ilmu Gosip, Dongeng dan lain-lain)*. Jakarta : Pustaka Utama Grafiti.

*Tradhisi Turuhan Pusaka ing Desa Ngliman Kecamatan Sawahan Kabupaten Nganjuk
(Tintingan Folklor)*

- Djamaris, Edward. 1993. *Nilai Budaya Dalam Beberapa Karya Sastra Daerah Di Sumatra*. Jakarta: Pusat Pembinaan dan Pengembangan Bahasa.
- Endraswara, Suwardi. 2009. *Metodologi Penelitian Folklor*. Yogyakarta: Medpres
- , Suwardi. 2010. *Folklor Jawa, Bentuk, Macam, dan Nilainya*. Jakarta: Penaku.
- Herusatoto, Budiono. 2005. *Simbolisme dalam Budaya Jawa*. Yogyakarta: Hanindita Graha Widia.
- Koentjaraningrat. 1984. *Manusia dan Kebudayaan di Indonesia*. Jakarta: Djambatan.
- , 2009. *Pengantar Ilmu Antropologi*. Jakarta: Rineka Cipta
- Maryaeni, 2005. *Metode Penelitian Kebudayaan*. Jakarta : PT Bumi Aksara.
- Maran, Rafael Raga. 2000. *Manusia dan Kebudayaan dalam Perspektif Ilmu Budaya Dasar*. Jakarta : Rineka Cipta.
- Moleong, Lexy. 2009. *Metode Penelitian kualitatif*. Bandung : PT. Remaja Rosdakarya.
- Nurgiyantoro, Burhan. 2007. *Teori Pengkajian Fiksi*. Yogyakarta: Gadjah Mada University Press
- Poerwadarminto, W.J.S. 1939. *Baoesastra Djawa*. Batavia: J.B Wolters Uitgevers Maatschappij.
- , 1984. *Kamus Umum Bahasa Indonesia*. Jakarta: Gramedia
- Ratna, Nyoman Kutha. 2009. *Stilistika (Kajian Puitika Bahasa, Sastra dan Budaya)*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.
- Santosa, Gempur. 2007. *Metodologi Penelitian Kuantitatif dan Kualitatif*. Jakarta: Prestasi Pusaka Publisier.
- Sudikan, Setya Yuwana. 2001. *Metode Penelitian Budaya*. Surabaya : Unesa Unipres-Citra Wacana.
- Sudikan, Setya Yuwana. 2001. *Metode Penelitian Sastra Lisan*. Lamongan : CV . Pustaka Ilalang Group.
- Sugiyono. 2011. *Metode Penelitian Kuantitatif Kualitatif dan R&D*. Bandung: Alfabeta.
- Sukarman. 2006. *Pengantar Kabudayan Jawa*. Surabaya: UnesaUnipres
- Sulaeman, Munandar. 1998. *Ilmu Budaya Dasar*. Bandung: PT Refika Aditama.
- Suwarni dan Widayati, Sri Wahyu. 2011. *Dasar-dasar Upacara Adat Jawa*. Surabaya: Penerbit Bintang.
- Teeuw, A. 1984. *Sastra dan Ilmu Sastra : Pengantar Teori Sastra*. Jakarta: Pustaka Jaya.
- Tim Pusat Bahasa Indonesia, 2008. *Kamus Bebas Bahasa Indonesia*. Jakarta: Gramedia Pustaka Umum.